

Granvakans

Talèkonsa granvakans la ap sou nou. Pa bliye, Fè lekti pa janm gen vakans! Ou kab fè vakans la tounen yon epòk aprantisaj si ou asire w pitit ou li chak jou. Men kèk lide ki kab ede w fè sezon vakans la tounen yon peryòd plezi pou fè lekti.

1. Ankouraje pitit ou “pwograme yon vwayaj” pou li liv sou timoun lòt peyi ak lòt epòk.
2. Fè lekti awotvwa, li awotvwa, li awotvwa. Kèlkeswa laj pitit ou a, li toujou renmen tande lè moun ap li istwa awotvwa devan li. Lè l gade li wè jan w anime ak eksite pandan w ap li fè lekti a, sa ap fè li enterese anvi fè lekti pou kont li tou.
3. Kite yo kenbe w ap li! Fè pitit ou wè nan ou sa w ta renmen wè nan li – yon moun ki renmen li pandan tout lavi li. Timoun yo bezwen wè ou pran plezi lè w ap fè lekti. Toujou pale ak yo sou sa w ap li.
4. Eseye tande liv ki anrejistre sou kasèt yo. Se yon bon pastan lè w ap vwayaje nan machin pou al kote ki lwen. Ou kab ale nan bibliyotèk piblik pou prete kalite liv sou kasèt sa yo.
5. Kreye yon tan espesyal pou fanmi an fè lekti. Patisipe nan pwogram lekti bibliyotèk piblik la. Fè yon lis liv fanmi w li yo. Tabli objektif lekti ki pou fèt yo epi rekonpanse pitit ou pou efò li fè yo.